



Pou Piblikasyon Imedya: 21/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 150 MILYON DOLA FON MOMANTÒM MID-HUDSON
POU OGMANTE PWOJÈ LOJMAN POU UTILIZASYON MIKS AK ENFRASTRIKTI
NAN TOUT REJYON AN**

***Konplete Kontra Lojman New York la - ki se pwopozisyon Gouvènè a pou abòde
kriz lojman New York la epi konstwi 800,000 inite nan pwochen deseni an***

Aprann plis epi resevwa mizajou pwogram yo [isit](#) la a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a detay sou Fon Momantòm Mid-Hudson (Mid-Hudson Momentum Fund) lan, ki se yon inisyativ finansman 150 milyon dola espesyalman pou pwojè lojman ak enfrastrikti pou itilizasyon miks nan tout rejyon Mid-Hudson lan, pou ede kominote yo satisfè bezwen enfrastrikti k ap grandi a lè nou konsidere dènye ogmantasyon popilasyon an nan tout rejyon an ke pandemi an lakòz. Ansanm, pwopozisyon bidjè Gouvènè a ak nouvo Fon an, ke Empire State Development lan pral aplike, reprezante gwo angajman nan rejyon Mid-Hudson lan ki pral ogmante rezèv lojman an pou satisfè demann k ap grandi epi investi nan pwojè enfrastrikti kle nan rejyon an.

"Kòm youn nan zòn ki pi pitorèsk ak istorik nan New York, rejyon Mid-Hudson la se yon jwayo pou eta nou an ki te estimile ekonomi nou an epi ki te akeyi nouvo rezidan ak vizitè yo pandan plizyè ane", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo Fon Momantòm Mid-Hudson lan pral ede asire ke rejyon an ka kontinye sèvi kòm yon destinasyon pou fanmi, travayè, biznis, ak touris lè li ede abòde mank lojman an, kreye yon rezèv lojman ekitab, ak grandi enfrastrikti lokal kote kominote yo plis bezwen li."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Avèk aplikasyon Fon Momantòm Mid-Hudson Gouvènè Hochul la, rezidan yo, anplwaye yo ak touris yo pral gen plis chwa pou kote yo chwazi pou yo viv, travay ak vizite. Fon an pral ankouraje devlopman pwojè enfrastrikti ak itilizasyon pou itilizasyon miks ki nesèsè anpil, pou amelyore kalite lavi jeneral nan rejyon an."

Rejyon Mid-Hudson la vin tounen yon destinasyon prensipal pou alafwa touris ak nouvo rezidan pèmanan, ak plis pase 33,000 nouvo rezidan k ap deplase nan rejyon an

pandan de ane ki pase yo sèlman. Akske disponiblite lojman rejyonal yo ki te nan mwens pase yon pousan ane pase a, gen yon bezwen ijan pou nouvo devlopman pou sipòte kantite rezidan yo. 150 milyon dola Fon Momantòm Mid-Hudson lan pral konsantre sou lojman pou itilizasyon miks ak pwojè enfrastrikti esansyèl ki sipòte dirèkteman kwasans rezèv lojman nan rejyon Mid-Hudson lan. Konpayi prive yo, òganizasyon san bi likratif yo, minisipalite yo, ak kòporasyon benefis piblik ki gen ladan IDA ak LDC yo elijib pou aplike epi finansman an pral divize egalman an pwojè lojman pou itilizasyon miks ak pwojè enfrastrikti esansyèl ak prim ki varye ant 2 ak 10 milyon dola. Yo pral mande yon nivo korespondans ki egal a 50 pousan pou tout pwojè yo. Enfòmasyon detaye pral disponib sou sitwèb ESD a epi pati ki enterese yo ka enskri pou yo ka notifiye lè fon an ouvri epi yo aksepte aplikasyon yo nan: ESD.ny.gov/momentum.

Fon Momantòm Mid-Hudson lan konplete estrateji Gouvènè a nan tout eta a, ki [te anonse](#) dènyèm nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 li a, pou abòde kriz lojman istorik New York la nan bati 800,000 nouvo kay nan deseni k ap vini an. New York Housing Compact (Kontra Lojman New York), yon estrateji konplè, ki gen plizyè pati, gen ladan egzijans patisipasyon lokal yo ak ankourajman pou atenn kwasans lojman nan chak kominote pou chak pati nan Eta a vin yon patnè nan rezoud kriz ijan sa a. Plan an pral egzije tou minisipalite ki gen estasyon tren MTA yo pou yo refè dekoupaj teritwa lokalman pou devlopman rezidansyèl ki gen pi gwo dansite.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)